

mesti bakal kurang ramé? Ning kang wis ceṭa, gaya Jawa Timuran iki isih olèh enggon ana ing sawetara panggonan. Liré — ing Jawa Timur, isih ora setitik cacahing rakyat kang nyandu utawa seneng karo corèk wayang kulit kang agaya kaya ngono mau. Mula, aran wis sameṣtiné — kaya kang diḍawuhaké pak Murtono SH — wayang kaya ngono mau iya perlu diopèni, diuri-uri.

S. Kadarjono

(in: Jaya Baya no. 11, November 1974).

78

KÉNDANG

welingmu sing tuwajuh nguruti raga aking
 rai nungkul kepati ngekep pranaja
 kanṭi ngrangu cumitak mripat sing bening
 nanging pangajap donya akérat
 kebat jangkahmu kesusu nungka layang pamegat
 upama jerit iki
 upama wangsit sing iki
 nguncegi bundelan ati sing kejuwing
 pangirané mbulan mèsem kepéncut mèlua ngliling
 banjur kapan nebusi asih mulus
 banjur kapan krénahmu bali burus
 anakmu kebacut kebentus-bentus

Muryalelana

(in: Jaka Loḍang no. 194, April 1975)